# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–30 अगस्त 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम में देस के लोगिन से आपन बिचार साझा कइलें। विकसित भारत बदे नसा मुक्त युवा अभियान क चरचा करत श्री मोदी कहलें कि पूरा प्रदेस में ई अभियान तेजी से आगे बढ़ि रहल हौ। ढेरि लोगि आ खास कइ के नौजवान बड़हन संख्या में नसा मुक्त युवा अउर नसा मुक्त भारत अभियान क हिस्सा बनि रहल हवें। प्रधानमंत्री लोगिन से नसा मुक्त भारत बदे प्रभावसाली नारा तइयार करे अउर युवा संगीतकारन से अइसन गीति बनावे के कहलें जवन नसा मुक्त जीवन क सनेसा दे।

***नशा मुक्त भारत के लिए क्या आप कोई पावरफुल स्लोगन बना सकते हैं? क्या हमारे यंग म्यूजीशियन, ऐसे शांग्स बना सकते हैं, जिनमें ड्रग फ्री लाइफ का मैसेज हो? क्या स्टूडेंट्स और थीऐटर ग्रुप दिल को छू लेने वाले सार्ट प्लेज लिख सकते हैं जिनमें ड्रग्स के खतरों के साथ–साथ उनसे बाहर निकलने का रास्ता भी हो। मेरा आग्रह है कि वे अलग–अलग भाषाओं में ऐसा कंटेंट बनाएं जिससे इस दिशा में समाज को मदद मिले।***

प्रधानमंत्री कहलें कि पीएम स्वनिधि योजना के जरिया से लाखों महिला लोगिन के नया सक्ति मिलि रहलि हौ। उहां के कहलीं कि येह योजना क लाभार्थी लोगिन में करीब छियालीस फीसदी महिले हइनि। गाजियाबाद क बबीता शर्मा क चरचा करत प्रधानमंत्री कहलें कि उहां के पीएम स्वनिधि से मिललि आर्थिक सहजोग के जरिया से आपन कारोबार बढ़वले हइनि।

स्वच्छ भारत अभियान क चरचा करत श्री मोदी कहलें कि जब कउनों जगहि के साफ रक्खे क संकल्प लोगिन क आपन संकल्प बनि जाला त ओहसे, ओह जगहि क पहिचान पुरहर बदलि जाला। येह क्रम में उहां के प्रदेस के पटवाई क आकाश अउर रोहन क जिकिरि कइलीं।

***उनके आसपास का इलाका गंदगी से भर गया है। बस, फिर क्या था, आकाश और रोहन ने कचरे के बैग उठाए और सफाई के लिए निकल पड़े। धीरे–धीरे दूसरे युवा भी उनके साथ जुड़ने लगे। एक टीम भी बन गई। जिसका नाम है– 'क्लीन–अप पटवाई'। ये युवा अब तक चार गंगा घाटों को साफ कर चुके हैं।***

प्रधानमंत्री लोगिन से तिउहारन क येह मौसम में वोकल फॉर लोकल के समरथन क अरज कइलें। उहां के कहलीं कि हम्मन के अपना घर बदे जवन भी समान खरीदीं ओहमें ई एक बेरि जरूर देखि लेईं कि ऊ भारत क बनल होखे।

**********

रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ छावनी क दिलकुशा लॉन हाता में एक सौ एक करोड़ रूपिया क लागति वाली चउदह विकास परियोजना क भूमि पूजन कइलें। येह मौका पर रक्षा मंत्री छावन क्षेत्र क खास बजारिनि क अंगरेजी नांव बदलि के स्वतंत्रता संग्राम सेनानियन अउर महान विभूतियन के नांव पर रक्खे क घोसणा कइलें। रक्षा मंत्री कहलें कि बजारिनि क नांव बदलल खाली औपचारिकता नइखे बलुक एकर उद्देस्य भावी पीढ़ी के देस क महान स्वतंत्रता संग्राम सेनानियन अउर विभूतियन क जिनगी से प्रेरणा दियावल हौ। उहां के बतवलीं कि छावनी क्षेत्र के कई बजारिनि क नांव वीरांगना उदा देवी, लोक माता अहिल्याबाई होल्कर अउर पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेई जइसन महान विभूतियन के नांव पर कइल गइल हौ। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि केन्द्र अउर प्रदेस सरकार क तालमेल से लखनऊ के साथे पूरा प्रदेस में तेजी से विकास भइल हौ। कार्यक्रम में उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक, राज्य मंत्री असीम अरूण भी मौजूद रहलें। अजुये रक्षा मंत्री और मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ में वीरांगना अवन्तिबाई लोधी के मुरती क अनावरणो कइलें।

**********

नेपाल बाढ़ि में मरे वालन क संख्या सात सौ चौंतीस हो गइल हौ। करीब दुइ हजार पांच सौ लोगि अबहिनों लापता हवें। आपदा के पचवों दिन्ने बचावकरमी लापता लोगिन क खोजि अउर फंसल लोगिन के बचावे में जुटल हवें। बिदेस मंत्रालय बतवलस कि इग्यारह टन राहत क समान ले के चउथा विमान आजु नेपाल पहुंचल। बिदेस मंत्रालय क प्रवक्ता रणधीर जायसवाल बतवलें कि अबले एक सौ आठ भारतीय नागरिक लोगिन के बचावल जा चुकल हौ। दुइ सौ पचहत्तर भारतीय आ अउरियो देसन क भरतीय मूल क एक सौ अट्ठाइस लोगि अबहिनों लापता हवें। ओहीं, चीन में नौ सौ भारतीय नागरिक सुरक्षित हवें अउर पेइचिंग में भारतीय दूतावास के सम्पर्क में हवें। मंत्रालय कहलस कि भारत सरकार परभावित लोगिन के जल्दिये बचाव अउर राहत कार्यन बदे नेपाल अउर चीन क अधिकारी लोगिन के साथे मिलि के कार कै रहलि हौ।

**********

बरखा अउर बैराजन से पानी छोड़ल गइले के नाते प्रदेस के कई नदियन क जलस्तर बढ़ि रहल हौ। अतिवृष्टि के नाते पछिला कुछु दिन में करीब छब्बीस जिला बाढ़ि से परभावित भइल हवें। चित्रकूट में मंदाकिनी नदी उफान पर हौ। बनारस में गंगा नदी के जलस्तर में बढ़ोत्तरी दरज कइल गइल हौ। बलिया में गंगा नदी खतरा के चीन्हा से उप्पर बहि रहलि हौ। कौशाम्बी जिला में यमुना क जलस्तर बढ़ले से कई गांवन में हाई अलर्ट जारी कइल गइल हौ। मौसम विभाग अगिला अड़तालीस घंटा में प्रदेस में गरज अउर चमकि के साथे बरखा क आगम जतवले हौ। येह दौरान तापमान में गिरावट दरज कइल जाई अउर लोगिन के गरमी से राहति मिली।

**********